


Sondaj Paran ak Fanmi Delaware

Novam 2024



Konsènan Sondaj Paran ak Fanmi Delaware a


- Sondaj Paran ak Fanmi Delaware a se yon sondaj ki pa syantifik ki pibliye chak ane pa Children & Families First, First State Pre-K, Rodel, YMCA of Delaware, deaeyc, ak Delaware Readiness Teams.
- Ane sa a, sondaj la te louvri depi nan kòmansman mwa Septanm rive nan mitan mwa Oktòb nan 2024. Li te rive jwenn plis pase 400 fanmi (menmsi gwosè echantyon yo varye pou kesyon endividyèl yo).
- Apeprè mwatye nan moun ki reponn yo te soti nan Konte New Castle (46%). Rès moun ki rete reponn yo te soti nan Konte Sussex (36%) ak Konte Kent (apeprè 17%).
- Fanmi ki soti nan yon divès limit revni (gade paj 7) ak lang (gade paj 8).

Rezime Rezulta Sondaj Paran ak Fanmi Delaware a

- Majorite fanmi ki te fè sondaj yo (76%) deklare ke yo te gen difikilte pou jwenn oswa peye oswa yo te nan dèt omwen patyèlman akoz pri gadri ki chè.
- Fanmi yo te reponn kesyon ouvè lè yo dekri estrès, difikilte finansye, ak kalite lavi ki ba.
- Plis pase yon ka nan fanmi yo (28%) te reponn ke yon adilt nan kay yo te oblige kite mendèv travay la nèt akoz manke gadri pou timoun ak plis pase mwatye nan fanmi yo (54%) reponn ke yon adilt te oblige diminye èdtan travay yo akoz manke gadri pou timoun.
- Yon gwo pou santaj fanmi (92%) te di ke li te extrèmeman enpòtan oswa enpòtan anpil pou eta a ogmante envestisman nan gadri.
- Paran ak Fanmi Delaware yo enpòtan anpil pou ekonomi eta a, avèk 86% fanmi ki deklare ke yo te gen omwen yon adilt k ap travay nan yon endistri ki gen gwo bezwen.
- Youn nan senk fanmi te menm konsidere demenaje ale nan yon eta diferan akòz abòdabilite/aksesiblite gadri.
- Apeprè 72% nan fanmi ki te chèche swen pou yon timoun ki gen bezwen espesyal te di ke yo pa te satisfè ak disponiblite sèvis pou timoun ki gen bezwen espesyal nan zòn yo a.
- Fanmi ki pale Espanyòl yo gen plis chans pou yo gen paran ki rete lakay epi fanmi ki pale Kreyòl Ayisyen gen plis chans pou yo gen difikilte pou jwenn oswa peye gadri parapò ak tout moun ki reponn sondaj la.
- Fanmi ki touche revni ki ba rive nivo mwayen gen difikilte oswa fè sakrifis nan kèk domèn kle plis pase moun ki reponn sondaj an jeneral (peman ipotèk oswa lwaye, peman machin (yo), manje, sèvis publik, ak/oswa pase tan ak fanmi).
- Analiz ane apre ane reflete yon fado finansye k ap grandi sou do fanmi yo, sitou pou sa ki gen rapò ak pri gadri. Yon ogmantasyon remakab te fèt nan fanmi ki deklare ke gadri pou timoun te pi chè pase lòt gwo depans yo, sitou peman ipotèk (yon tyè nan fanmi yo an 2023 ak plis pase mwatye nan fanmi yo nan 2024).


Konbyen timoun ki gen 12 zan oswa mwens k ap viv avèk ou? (n=417)

Fanmi ki te reponn sondaj la deklare yon mwayèn apeprè yon timoun ki gen laj 0-5 ak apeprè yon timoun ki gen laj 6-12 k ap viv avèk yo.



Ki kalite gadri fanmi ou itilize? (n=417)

Fanmi yo deklare ke yo itilize yon varyete opsyon gadri. Chwa ki pi kouran yo se te swen nan lekòl (44%) ak swen nan sant (40%).



Nòt: Kesyon sa a te pèmèt moun ki reponn yo chwazi tout sa ki aplike yo. Kèk paran ki rete lakay te presize y ap travay lakay adistans tou.
Ki baze nan lekòl la: gen ladan jounen lekòl regilye, pa egzanp, Pre-K prive, ak pwogram anvan oswa apre lekòl ak anplwaye lekòl la.

Ki baze nan Sant oswa Head Start: yon anviwònman gwooup nan kominate a.


Anviwònman ki baze nan lekòl patnè kominate ki ofri: pa egzanp, YMCA oswa Boys and Girls Club.

Ki baze lakay: swen pwofesyonèl ki gen lisans nan rezidans yon moun.

Bebisitè oswa nani: omwen twa jou nan yon semèn.

Nan ki konte w ap viv? (n-=417)

Fanmi ki soti nan Konte New Castle te reprezante pi gwo gwoup moun ki repond (46%), apre l se te Konte Sussex (36%) ak Konte Kent (apeprè 18%).



Ki lès ki pi byen dekri revni anyèl fanmi w?


Majorite fanmi ki te reponn sondaj la (31%) deklare yon revni familyal plis pase \$102,400. Apeprè yon ka nan fanmi yo deklare yon revni familyal ant \$67,100 ak \$102,400, ak apeprè yon lòt ka deklare yo touche ant \$31,000 ak \$67,100. Yon ti kras pi piti pòsyon nan fanmi yo, 20%, endike yon revni familyal ki mwens pase \$31,000.

(\$31,000 se 100% FPL pou yon fanmi kat moun, \$67,100 se 225% FPL pou yon fanmi kat moun, \$102,400 se yon bidjè siviv debaz jan sa estime pa Enstiti Politik Ekonomik)




Ki lang ou pale plis lakay ou? (n=417)

Majorite fanmi ki te reponn sondaj la (79%) deklare yo pale Anglè sitou lakay yo. Lòt fanmi te deklare yo pale Espanyòl (14%) ak Kreyòl Ayisyen (5%) lakay yo. Yon ti kantite fanmi (2%) te deklare ke yo pale lòt lang lakay yo, tankou Vyetnamyen, Chinwa, Twi, ak ASL.



Èske yon adlit nan fanmi w ap travay nan nenpòt nan endistri sa yo? (n=409)


An total, 86% nan fanmi yo te gen omwen yon adilt k ap travay nan yon endistri ki gen gwo bezwen nan Delaware. Sa gen ladann yon tyè (33%) nan fanmi ki te reponn sondaj la ki te gen omwen yon adilt k ap travay nan domèn edikasyon ak jis anba yon ka (23%) te gen omwen yon adilt k ap travay nan domèn swen sante. Lòt endistri ki gen gwo bezwen yo konsidere pou kesyon sa a enkli ospitalite, manifakti, agrikilti, biznis ak finans, ak syans ak teknoloji.



Remak: Kesyon sa a te pèmèt moun ki reponn yo chwazi tout sa ki aplike yo.

Ki lès nan deklarasyon sa yo ki vre pou ou menm ak fanmi ou? (n=417)

Majorite fanmi ki te fè sondaj yo (76%) di ke yo te gen difikilte pou jwenn oswa peye oswa yo te nan dèt omwen patyèlman akoz pri gadri ki chè.



Remak: Keson sa a te pèmèt moun ki reponn yo chwazi tout sa ki aplike yo.


Ki lès nan deklarasyon sa yo ki vre pou ou menm ak fanmi ou? (Lòt, n=28)

Tèm	Egzanp Deklarasyon	Frekans Relatif
Mank gadri abòdab, epi ki disponib deranje fanmi yo	“Nou te deklare fayit an 2019 akoz te manke gadri pou pitit mwen an.”	43%
Li difisil pou jwenn ki disponib	“Mwen te gen difiklte pandan 2 zan pou jwenn gadri akoz pa gen lòt gadri ki louvri.”	29%
Long lis datant lakoz pa gen okenn swen	“Los daycares que están cerca de mi casa tienen listas de espera (Gadri ki toupre lakay mwen yo gen lis datant).”	11%

Nòt: Kantite repons yo reprezante kantite repons ki fè referans ak tèm nan epi ki pa eksklizif mityèlman.

Ki sa ki fè li difisil pou jwenn oswa peye gadri ki satisfè bezwen ou yo? (n=302)


Pifò fanmi ki te fè sondaj la ki te di ke li te difisil pou jwenn oswa peye gadri pou timoun yo (83%) te di ke pri gadri yo se te yon baryè. Lòt baryè yo gen ladan yo enkyetid sou kalite swen (43%), lis datant ki long (42%), ak manke ase anplwaye ak anplwaye ranplasan (31%).



Remak: Keson sa a te pèmèt moun ki reponn yo chwazi tout sa ki aplike yo.

Ki jan pri gadri konpare a ak lòt gwo depans mansyèl ou yo? (n=314)


Plis pase mwatye nan fanmi yo te di ke gadri a te menm oswa pi chè pase peman ipotèk oswa lwaye yo chak mwa (58%), peman machin yo (57%), manje (63%), ak sèvis publik (59%). .



	Peman ipotèk oswa lwaye	Peman pou machin (yo)	Manje	Sèvis publik	Peman pou kolèj oswa lòt peman ekolaj oswa peman prè
Menm bagay la oswa pi chè	57.96%	56.69%	62.74%	59.24%	33.76%
Mwen chè	22.61%	13.06%	21.34%	21.97%	10.51%
Pa aplikab (N/A)	19.43%	30.25%	15.92%	18.79%	55.73%

Èske fanmi ou gen difikilte oswa fè sakrifis nan nenpòt nan domèn sa yo pou peye gadri? (n=316)


Prèske mwatye (45%) nan fanmi yo te di ke yo te gen difikilte oswa sakrifye pase tan ak fanmi yo pou ka rive peye gadri.



Remak: Keson sa a te pèmèt moun ki reponn yo chwazi tout sa ki aplike yo.


Èske w te itilize oswa te chèche gadri nan yon lòt eta? (n=314)

Apeprè 15% nan moun ki reponn yo te itilize oswa chèche gadri nan yon lòt eta. Gran majorite a (84%) pa t fè sa.




Èske w te konsidere demenaje ale nan yon lòt eta akoz abòdablite/aksesiblite gadri? (n=313)

Prèske 20% nan moun ki reponn yo – oswa youn nan senk fanmi - te konsidere demenaje ale nan yon eta diferan akoz abòdablite/aksesiblite gadri. Gran majorite a (80%) pa t konsidere sa.




Nan ki nivo sa enpòtan pou ou pou eta ogmante envestisman nan gadri? (n=317)

Apeprè 92% nan fanmi yo te di ke li te ekstrèmeman enpòtan oswa trè enpòtan pou eta a ogmante envestisman nan gadri.




Nan ki nivo sa enpòtan pou ou pou ofisyèl eli yo priyorize amelyore aksè nan gadri?

Apeprè 96% nan fanmi yo te di ke li te ekstrèmeman enpòtan oswa enpòtan anpil pou ofisyèl eli yo priyorize amelyore aksè a gadri.



Èske w satisfè ak disponiblite sèvis pou timoun ki gen bezwen espesyal nan zòn ou an? (n=128)

Apeprè 72% nan fanmi di ke yo pa t satisfè ak disponiblite sèvis pou timoun ki gen bezwen espesyal nan zòn yo a.



Remak: Sa pa gen ladan patisipan ki te chwazi pa aplikab (N/A) paske yo pa t chèche swen pou yon timoun ki gen bezwen espesyal.

Difikilte ak Bezwen Gadri Pami Fanmi ki Pale Espanyòl yo

Yon Analiz Sougwoup 2024

Enfòmasyon Demografik

Fwaye ki Pale Espanyòl

- **Kantite Timoun** (Laj 0-5 ak 6-12): An mwayèn, fanmi ki pale Espanyòl yo te deklare yo gen apeprè 1 timoun ki gen laj 0-5 ak 1 timoun ki gen laj 6-12, menm jan ak gwosè mwayèn fwaye pou tout moun ki reponn yo.
- **Itilizasyon Gadri:** Pifò fanmi ki pale Espanyòl ki te reponn sondaj la gen paran ki rete lakay (47%) epi/oswa sèvi ak swen nan lekòl (41%), pandan ke mwens (22%) sèvi ak swen nan sant oswa Head Start, ki itilize pi souvan pa tout moun ki reponn yo (40%).
- **Limit Revni yo:** Pifò nan fwaye ki pale Espanyòl ki te reponn sondaj la tonbe nan kategori revni ki pi ba, ak prèske mwatye (42%) touche mwens pase \$31,000 chak ane ak yon lòt tyè (36%) touche \$31,000 a \$67,100 chak ane, tandiske sèlman 20% nan tout moun ki reponn yo te deklare yon revni kay ki pi ba pase \$31,000 ak 24% te deklare yon revni anyèl ant \$31,000 a 67,100.

Aksè, Abòdablite, ak Envestisman Eta a *Kay ki Pale Espanyòl*

- **Aksè/Pri Gadri:** 68% nan fanmi ki pale Espanyòl ki te reponn sondaj la te deklare ke yo gen difikilte pou jwenn oswa peye gadri ki satisfè bezwen yo. Sa a se prèske 76% nan tout moun ki reponn sondaj la ki deklare ke yo gen difikilte pou jwenn oswa peye gadri pou timoun ki satisfè bezwen yo.
- **Obstak pou Jwenn Aksè/Peye Gadri:** Pi gwo baryè fanmi ki pale Espanyòl yo te deklare a se pri gadri (68%), yon rezulta ki konsistan avèk rezulta sondaj la an jeneral, kote 83% nan moun ki reponn te site pri a kòm yon gwo baryè.
- **Enpak Amelyorasyon Aksè Gadri:** Prèske tout (87%) nan fanmi ki pale Espanyòl yo endike si gadri ki satisfè bezwen yo te pi fasil jwenn oswa peye, sa t ap amelyore sitiayasyon fanmi yo nan yon fason (pa egzanp, travay oswa chèche yon travay, ogmante èdtan travay, retounen lekòl, elatriye). Sa a se menm jan ak tout moun ki reponn sondaj la, 80% nan yo te endike yo t ap amelyore sitiayasyon fanmi yo nan kèk fason.
- **Envestisman Eta a:** 89% nan fanmi ki pale Espanyòl ki te reponn sondaj la te di ke li te ekstrèmeman enpòtan oswa enpòtan anpil pou yo ke eta a ogmante envestisman nan gadri, menm jan ak 92% nan tout moun ki reponn sondaj ki te di menm bagay la.

Deklarasyon Fanmi ki Pale Espanyòl yo

“Programas como Head Start que proveen transporte u horarios después de la escuela [ayudarían a que el cuidado infantil sea más fácil de encontrar y pagar]”.

Pwogram tankou Head Start ki bay transpò oswa ki bay gadri apre lè lekòl [t ap ede rann gadri pi fasil pou jwenn ak peye].

- Paran Konte Sussex
(touche \$31,000 rive \$67,100)

“Las solicitudes son muy difíciles de completar”.

Li difisil anpil pou ranpli aplikasyon yo.

- Paran Konte New Castle
(touche \$31,000 rive \$67,100)

“[Si el cuidado infantil fuera más fácil de encontrar o pagar] podría ser económicamente autosuficiente. Mi salud mejoraría, tanto física como mentalmente”.

[Si gadri te pi fasil pou jwenn oswa plis abòdab pou peye] Mwen ta ka endepandan finansyèman. Sante m t ap amelyore, alafwa fizikman ak mantalman.

- Paran Konte New Castle
(touche mwens pase \$31,000)

“[Si tuviera un servicio de cuidado infantil económico], pasaría más tiempo de calidad con mi familia”.

[Si mwen te gen gadri abòdab], m t ap pase plis bon moman ak fanmi mwen.

-Paran Konte New Castle
(touche \$67,100 rive \$102,400)

Difikilte ak Bezwen Gadri Pami Fanmi ki pale Kreyòl Ayisyen yo

Yon Analiz Sougwoup 2024

Enfòmasyon Demografik

Fwaye Ki Pale Kreyòl Ayisyen yo

- **Kantite Timoun** (Laj 0-5 ak 6-12): An mwayèn, fwaye ki pale Kreyòl Ayisyen yo te deklare yo gen apeprè 1 timoun ki gen laj 0-5 ak 1 timoun ki gen laj 6-12, menm jan ak gwosè mwayèn fwaye pou tout moun ki reponn yo.
- **Itilizasyon Gadri:** Yon gwo pòsyon fanmi ki pale kreyòl ayisyen itilize gadri nan lekòl (48%) ak/oswa yon aranjman enfòmèl ak zanmi pou fanmi (38%), pandan ke mwens (19%) sèvi ak swen nan sant oswa Head Start ke tout moun ki repond yo itilize pi souvan (40%).
- **Limit Revni yo:** Pifò nan fwaye ki pale kreyòl ayisyen ki reponn sondaj la tonbe nan kategori ki pi ba yo, ak prèske mwatye (48%) touche mwens pase \$31,000 chak ane ak lòt mwatye a (43%) touche \$31,000 a \$67,100 chak ane, tandiske sèlman 20. % nan tout moun ki reponn yo te deklare yon revni kay ki pi ba pase \$31,000 epi 24% te deklare yon revni anyèl ant \$31,000 ak 67,100.

Aksè, Abòdablite, ak Envestisman Eta a *Kay Ki Pale Kreyòl Ayisyen yo*

- **Aksè/Pri Gadri:** 95% nan fanmi ki pale Kreyòl Ayisyen ki te reponn sondaj la te deklare ke yo gen difikilte pou jwenn oswa peye gadri ki satisfè bezwen yo. Sa vrèman pi wo pase 76% nan tout moun ki reponn sondaj la ki te deklare ke yo gen difikilte pou jwenn oswa peye gadri pou timoun ki satisfè bezwen yo.
- **Obstak pou Jwenn Aksè/Peye Gadri:** Pi gwo baryè fanmi ki pale Kreyòl Ayisyen yo te deklare se pri gadri (82%), yon rezulta ki konsistan avèk rezulta sondaj la an jeneral, kote 83% nan moun ki reponn te site pri a kòm yon gwo baryè.
- **Enpak Amelyorasyon Aksè Gadri:** Prèske tout (94%) nan fwaye ki pale Kreyòl Ayisyen yo endike ke si gadri ki satisfè bezwen yo te pi fasil jwenn oswa peye, sa t ap amelyore sitiyasyon fanmi yo nan yon fason (pa egzanp, travay oswa chèche yon travay, ogmante èdtan travay, retounen lekòl, elatriye). Sa a se menm jan ak tout moun ki reponn sondaj la, 80% nan yo te endike yo t ap amelyore sitiyasyon fanmi yo nan kèk fason.
- **Envestisman Eta a:** 100% nan fanmi ki pale Kreyòl Ayisyen ki te reponn sondaj la te di ke li te ekstrèmememan enpòtan oswa enpòtan anpil pou yo pou eta a ogmante envestisman nan gadri, menm jan ak 92% nan tout moun ki reponn sondaj ki te di menm bagay la.

Deklarasyon Fanmi ki Pale Kreyòl Ayisyen yo

*“Pafwa nou pa jwenn gadri
ki apwopriye ak lè travay
nou yo.”*

-Paran Konte Kent
(touche \$31,000 rive \$67,100)

*“[Si gadri a te pi fasil pou
jwenn oswa te abòdab]
mwen t ap kòmanse yon ti
biznis.”*

-Paran Konte Kent
(touche \$31,000 rive \$67,100)

*“[Si gadri te pi fasil pou jwenn
oswa te abòdab] mwen t ap
travay ase pou m pa gen dét
sou rapò kredi m yo.”*

-Paran Konte Kent
(touche mwens pase \$31,000)